

## Bagay pou pote nan vizit pou sètifikasyon WIC lan:

- Vini avèk CHAK manm fanmi an k ap fè aplikasyon pou resevwa sèvis WIC.
- Pote TOUT prèv revni pou tout moun ki nan kay la (montan anvan yo retire taks ak dediksyon). Revni enkli bagay tankou: salè, pansyon alimantè pou timoun, pansyon alimantè pou granmoun, pèman pou timoun ki nan mezon dakèy, enterè ou retire, konpansasyon pou chomaj, ak revni sèvis militè.  
**Prèv revni an dwe tout kòb ou fè pandan 30 dènye jou yo.** Si se chak semèn yo peye ou, pote 4 souch chèk; si se chak mwa yo peye ou, pote yon sèl souch chèk; si se chak 2 semèn yo peye ou, pote 2 souch chèk. Vèsyon elektwonik ki akseptab pou etadkont labank, chèk peman/ souch chèk, ak alokasyon chomaj. OSWA,  
**Si w resevwa Medicaid, asistans lajan kach tanporè (Temporary Cash Assistance—TCA), oswa Asistans Manje (Food Assistance—SNAP), revni ou fè ki fè w elijib pou WIC.**
- Pote yon prèv kote ou ap viv (Bwat Postal pa ladan), ou dwe ap viv ladan toujou avèk non epi adrès. Prèv yo aksepte enkli bil kouran, dlo, deklarasyon labank ak asirans, oswa lisans pou kondwi. Fòk ou abite nan Florid kounye a, men li pa nesèsè pou se yon sitwayen ameriken. Vèsyon elektwonik ki akseptab pou etadkont labank, Bòdwo sèvis, chèk peman/souch chèk, ak alokasyon chomaj.
- Pote YON prèv idantifikasyon pou ou ak YON prèv idantifikasyon pou tout tibebe oswa timoun k ap aplike pou WIC, tankou ak nesans, lisans pou kondwi, kat yo te mete nan bèso l lè l te fèk fèt, idantifikasyon sèvis militè, idantifikasyon ki gen foto, kat sekirite sosyal, oswa dosye lopital. Vèsyon elektwonik ki akseptab pou chèk peman/souch chèk, ak alokasyon chomaj.
- Si doktè-w te ranpli Fòm Referans Medikal WIC la, pote fòm sa avèk ou.
- Pote nimewo sekirite sosyal pou chak moun k ap aplike pou WIC, si sa disponib.
- Pote dosye vaksen pou chak timoun, si sa disponib.

## Biwo lokal WIC:

**Pwogram WIC nan Miami-Dade**  
**Appointment line: 786.336.1300**  
**Breastfeeding Helpline: 786.336.1336**

**MiamiDadeWIC.org**

Konfòmman ak lwa Federal konsènan dwa sivil avèk regleman ak prensip Depatman Agrikilti Ameriken (U.S. Department of Agriculture, USDA) konsènan dwa sivil yo, nou entèdi USDA ansanm ak Ajans, biwo, ak anplwaye li yo, ak enstitisyon k ap patisipe oswa jere pwogram USDA yo fè diskriminasyon kont moun ki baze sou ras, koulè po, orijin nasyonal, kwayans relijye, yon andikap, laj, kwayans relijye, oswa revanch oswa reprezay pou aktivite yon moun te patisipe ladan avan pou defann dwa sivil nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA ap fè oswa finansè.

Moun ak andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram (tankou enfòmasyon ak ekriti Bray, an gran lèt, sou kasèt, Lang Siy Ameriken, elatriye), dwe kontakte Ajans (nan nivo Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou asistans yo. Moun ki soud, tande di oswa gen pwoblèm pou pale ka kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339. An plis, yo kapab jwenn enfòmasyon sou pwogram yo nan lòt lang.

Pou depoze yon plent kont diskriminasyon, ranpli Fòmilè Plent Diskriminasyon Pwogram USDA a, (AD-3027). W ap jwenn li sou entènèt nan adrès: How to File a Complaint [<https://www.usda.gov/oascr/how-to-file-a-program-discrimination-complaint>], ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt bay USDA epi bay enfòmasyon yo mande nan fòmilè a sou lèt la. Pou mande yon kopi fòmilè plent la, rele (866) 632-9992. Voyer fòmilè ou ranpli oswa lèt ou ekri a bay USDA pa:

(1) lapòs: U.S. Department of Agriculture  
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights  
1400 Independence Avenue, SW  
Washington, D.C. 20250-9410;

(2) faks: (202) 690-7442; ou

(3) imèl: [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov)

Enstitisyon sa a ofri tout moun menm opòtinite a.

DH 150-320, 6/21



# Kontakte WIC jodi a menm!

Èske w gen yon tibebe oswa yon timoun ki poko gen 5 an?

Èske w ansent oswa w ap bay tete?

Gade andedan ti bwochi sa a pou wè si w reponn a règleman pou revni WIC la!

**FloridaWIC.org**  
**1-800-342-3556**



**Florida Department of Health**  
**WIC Program**

# WIC se yon pwogram nitrisyon pou fanm ki ansent oswa k ap bay tete oswa ki fèk ansent, tibebe ak timoun ki poko gen 5 an.

## WIC bay bagay sa yo gratis:

- manje ki bon pou lasante
- edikasyon ak konsèy sou nitrisyon
- sipò pou bay tete
- referans pou swen medikal, vaksen ak sèvis nan kominote a

## Pou elijib pou WIC selon revni w:

Revni total tout moun nan kay la dwe egal a montan ki nan **Règleman pou Revni WIC** lan oswa li dwe mwens.

**OSWA** ou ka elijib selon revni w si w ap resewva Medicaid, Asistans Lajan Kach Tanporè (Temporary Cash Assistance—TCA), oswa Asistans Manje (Food Assistance—SNAP).



## Pou aplike pou WIC:

- Vizite [FloridaWIC.org](http://FloridaWIC.org) oswa [SignUpWIC.com](http://SignUpWIC.com) osinon rele gratis nan nimewo **1-800-342-3556** epi operatè a ap ba w nimewo telefòn pou zòn ou.
- Biwo lokal WIC la pral baw yon dat ak lè pou yon vizit pou sètifikasyon WIC. Nan vizit sa a, yo pral egzamine revni fanmi an, estati edikal/nitrisyon chak kandida. Nan jou sa a, ou pral konnen si oumenm ak timoun ou yo elijib pou pwogram WIC lan.
- Pou konnen kisa pou pote nan vizit pou sètifikasyon WIC lan, gade nan lòt bò bwochi sa a.

## Règleman pou Revni WIC

Pou yon fanm ki ansent, chak tibebe ki poko fèt konte pou yon moun anplis nan kantite moun ki nan kay la.

Kantite moun ki nan kay la	Revni Mansyèl anvan taks ak dediksyon
1.....	\$1,986
2.....	\$2,686
3.....	\$3,386
4.....	\$4,086
5.....	\$4,786
6.....	\$5,486
7.....	\$6,186
8.....	\$6,886

Revize 6/18/2021

